

Kesyon moun poze souvan sou plon nan dlo potab

Fèy enfòmasyon sa a reponn kesyon moun poze souvan sou plon ak sante. Li esplike ki jan plon antre nan dlo potab ou a. Mete sou sa, w ap jwenn konsèy sou ki jan pou w pwoteje tèt ou ak fanmi w kont plon. Ou ka jwenn plon nan tout pati nan anviwònman an. Pifò plon moun pran soti nan aktivite imen, menmsi plon se yon eleman nan lanati. Si moun pran nan plon, gen plis chans pou sa lakòz domaj pou fanm ansent, tibebe, ak timoun ki poko gen 6 an. Li enpòtan pou w pran prekosyon pou diminye risk yo.



Ki jan plon antre nan dlo m ap bwè?

Nan Massachusetts, pifò sous dlo potab, tankou rezèvwa dlo ak dlo ki atè a pa gen plon. An jeneral, plon antre nan dlo moun bwè pandan dlo a ap pase nan tiyo ki fèt ak plon oswa sistèm plonbri ki gen pyès oubyen soudi ki fèt ak plon. Tiyo leta ki konekte kay ou ak tiyo dlo prensipal la ka gen plon ladan yo. Lakay ou ou gendwa gen tiyo ki fèt ak plon oswa tiyo ki fèt an kuiv ki soude ak soudi plon. Wobinè oubyen lòt akseswa ki fèt an leton kapab gen plon tou. Nivo plon an konn pi wo lè dlo a te dòmi nan tiyo plon an pandan plizyè èdtan. Dlo cho fè plon an antre nan dlo a pi vit toujou.

Pa ki mwayen plon ka antre nan kò m?

Nan pifò ka, moun pran plon nan pousyè penti, nan ti moso penti, ak nan tè ki kontamine ak plon. Plon ka antre nan kò w tou lè w bwè dlo ki gen plon oswa lè w fè manje avè l. Timoun piti absòbe plon pi fasil pase granmoun, epi plon ka transfere nan kò yon tibebe ki nan vant. Pou rezon sa yo, plon nan dlo pou bwè gendwa fason prensipal pou moun pran moun ki ansent, pou tibebe (ni si manman an fè alètman, ni si l fè lèt an poud pou tibebe a), ak pou timoun ki poko gen 6 an.

Po moun pa absòbe plon. Benyen ak dlo ki gen plon pa sipoze gen danje.

Pifò timoun antre an kontak ak plon lè yo bò kote penti ki gen plon nan ansyen kay. Lè ansyen penti ki gen plon ladan l ap dekale epi fann, li fè pousyè plon ak ti moso. Lè moun fè renovasyon lakay yo, sa kapab fè anpil pousyè plon tou, ki fè yo dwe fè renovasyon sa yo avèk anpil prekosyon. Ou gendwa respire pousyè plon an oswa li ka sal men moun ak jwèt. Souvan timoun konsome plon lè yo mete men yo ak jwèt nan bouch yo.

Piske tout moun pran kontak ak ti kantite plon nan lavi yo chak jou, li pa twò difisil pou yon moun gen yon ti kantite plon nan kò l.

Lalwa Massachusetts la mande pou yo fè tès plon pou timoun lè yo gen ant 9 ak 12 mwa, 2 an, 3 an, e pafwa 4 an. Mande doktè w la pou l fè tès pou plon pou pitit ou epi pale avè l sou risk ki genyen si l ta pran kontak ak plon.

Ti enfo sou kontak ak plon

Angwo

- Li pi fasil pou plon lakòz domaj pou fanm ansent, pou tibebe, ak pou timoun ki poko gen 6 an.
- Nan pifò ka, moun konn pran plon nan pousyè penti ak ti moso penti ki gen plon.
- Pifò sous dlo piblik nan Massachusetts yo pa gen plon, men ka gen plon nan dlo w si tiyo yo fèt ak plon, si soudi a te fèt avèk plon, oswa si gen akseswa ki ansyen.

Sa pou w fè:

- Pale ak doktè pitit ou sou si l dwe fè tès pou plon ak sou fason l ka pran kontak ak plon.
- Chèche konnen si kay ou gen penti ki gen plon oswa plonbri/enstalasyon ki gen plon.
- Lè w ap bwè dlo oubyen fè manje ak dlo, pran dlo ki frèt nan tiyo a.
- Rele depatman dlo leta ki nan zòn ou a pou w jwenn plis enfòmasyon sou tiyo ki antre lakay ou a ak ki fason pou w teste dlo a.

Ki jan plon fè w malad?

Pa gen okenn nivo plon ki san danje. Lè yon moun pran nan plon, sa ka gen gwo efè sou sante li, sitou si se fanm ansent, tibebe (ni si manman an fè alètman, ni si l fè lèt an poud pou tibebe a), ak sou ki poko gen 6 an. Men kèk efè plon konn gen sou tibebe ak timoun: Kalkil Entelijans (QI) yo diminye epi yo pèdi kapasite pou yo fikse atansyon yo. Epitou, lè yon moun pran nan plon, sa ka fè l mal pou l aprann, sa ka fè l gen pwoblèm konpòtman, oswa sa ka agrave jan de pwoblèm sa yo. Si manman yo te pran nan plon anvan oubyen pandan gwosès la, li pi fasil pou pitit la gen pwoblèm sante sa yo. Plon lakòz adilt gen plis risk pou yo gen maladi kè, tansyon wo, pwoblèm ren, oswa pwoblèm sistèm nève.

Efè plon gen sou sante yon moun depann de kantite plon an ak faktè pèsònèl tankou laj li, sèks li, ak eta sante li. Yon kantite plon ki pa t ap gen yon gwo efè sou yon adilt gendwa gen yon gwo efè sou yon tibebe oubyen yon timoun. Kontakte medsen w pou w jwenn plis enfòmasyon sou risk yo.

Ki sa anpwazonman plon ye?

Anpwazonman plon konn rive lè gen twòp plon nan kò l. Pifò timoun ki anpwazonnen ak plon pa sanble oubyen aji tankou moun ki malad. Sèl fason w ka konnen si pitit ou anpwazonnen ak plon se si w fè yon tès pou plon pou li.

E si m ansent oswa si m prevwa vin ansent?

Yon manman ka bay pitit li ki nan vant plon ki te deja nan kò l pandan gwosès. Men fason ki pi fasil pou pran nan plon pandan gwosès:

- Kote w ap travay
- Imigrasyon nan moman gwosès
- Anvi manje oubyen moulen bagay ki pa manje, tankou tè oubyen bijou ki gendwa kontamine
- Si w pa byen manje
- Sèvi ak remèd tradisyonèl oubyen pwodui kosmetik ki soti nan lòt peyi
- Pousyè ki soti nan ansyen penti ki gen plon pandan renovasyon kay.

Faktè sa yo ka ogmante posiblite pou yon moun pran nan plon.

Ti konsèy pou diminye plon nan lèt an poud pou Tibebe

Lè w ap melanje lèt an poud pou tibebe ak dlo tiyo:

- Sèvi ak dlo **FRÈT**.
- **PA SÈVI** ak dlo cho pou lèt an poud pou tibebe – bouyi dlo pa elimine plon. Si w bezwen lèt la cho, jis chofe l.

Ki sa m ka fè depi kounye a pou m pwoteje fanmi m?

1. Kite dlo a koule anvan w itilize l epi sèvi ak dlo FRÈT.

Toujou sèvi ak **dlo frèt** lè w ap pran dlo pou w bwé oswa pou w fè manje. **Pa sèvi** ak dlo cho ni pou fè manje, ni pou fè lèt an poud pou tibebe. An jeneral, dlo cho gen plis plon pase dlo frèt.

Si w kite dlo a koule anvan w itilize l, sa diminye nivo plon an. Li retire dlo ki te dòmi nan tiyo plon pandan plizyè èdtan. Kantite dlo w bezwen kite koule a depann de si w gen yon tiyo leta ki antre lakay ou ki fèt an plon. Verifye ak depatman dlo leta pa w la pou wè si tiyo leta ki antre dlo lakay ou a gen plon. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou ki jan pou w kite dlo ki nan tiyo leta ki gen plon yo koule, al gade [Èske gen plon nan dlo tiyo mwen an? | Mass.gov](#).

Lè w bouyi dlo, sa pa elimine plon. Si gen plon nan dlo ou epi w bouyi l, sa ap ogmante nivo plon an.

Mete sou sa, tanzantan ou dwe devise ayeratè ki nan pwent wobinèt la epi retire kras yo. Pafwa ti moso plon ka kole la a.

2. Teste dlo w ap bwè a.

Si w gen plon nan tiyo leta ki antre dlo lakay ou a oswa nan tiyo ki andedan lakay ou, oubyen si w pa sèten si w genyen, petèt ou dwe fè teste dlo a. Se pi bon fason pou w konnen si w gen plon nan dlo w la. An jeneral, tès la koute ant \$20 ak \$60 epi li ta dwe fèt nan yon laboratwa ki sètifye. Ou ka voye yon echantyon dlo nan lapòs oubyen w ka pote l nan men. Asire w ou suiv enstriksyon laboratwa a bay sou fason pou w pran echantyon an egzakteman.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts la (MassDEP) gen yon lis laboratwa ki sètifye. Ou ka jwenn li isit: [Laboratwa ki Sètifye | Mass.gov](#).



Nivo plon nan dlo potab Òganizasyon Pwoteksyon Anviwònman (EPA) rekòmande w poze aksyon pou li a se 15 Pati pou Chak Milya (ppb). Sa egal ak “15 µg/L”, “0.015 PPM” (Pati pou Chak Milyon), oubyen “0.015 mg/L.” Objektif la se diminye nivo plon an otank sa posib, sitou lè gen fanm ansent, tibebe, ak timoun piti.

Li pi fasil pou plon lakòz domaj pou fanm ansent, pou tibebe, ak pou timoun ki poko gen 6 an. Si w ansent oswa si w gen timoun piti, evite bwè dlo ki gen plis plon pase 15 ppb. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC) sijere moun itilize dlo nan boutèy oswa yon sistèm filtraj sètifye pou diminye plon nan dlo w ap itilize pou fè manje, pou bwè, oswa pou prepare lèt an poud pou tibebe. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou rekòmandasyon CDC a, al gade: [Konsènan plon nan dlo potab | CDC.gov](https://www.cdc.gov/groundwater/lead/index.html).

Si w panse ou gen yon tiyo leta ki antre dlo lakay ou ki gen plon, fè teste dlo tiyo ou pou plon. Epitou, sèvi ak dlo nan boutèy oubyen yon filtè ki sètifye pou retire plon, sitou pou tibebe, timoun, ak fanm ansent.

3. Li ka bon pou w sèvi ak yon filtè pou w diminye kantite plon ki nan dlo w ap bwè a.

Se pa tout filtè ki diminye plon. Yo gendwa koute chè epi yo bezwen antretyen regilye pou yo byen mache. Yon bon sous enfòmasyon sou ki jan pou filtre dlo pou bwè pou retire plon se NSF International. Gade sit entènèt yo a nan www.nsf.org/ pou w wè pwodui presi ki filtre dlo.

Ki sa m ka fè ankò pou pwoteje fanmi m?

Fè teste kay ou pou plon.

Pifò timoun ki anpwazonnen ak plon pran l nan penti ak pousyè plon ki nan kay la. Chèche sèvis yon enspektè plon pou teste kay ou pou wè si plon reprezante yon danje pou fanmi w. Pou w jwenn yon lis enspektè plon ki lisansé, ale nan

www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dph/programs/environmental-health/exposure-topics/lead/delead/.

Si w se yon lokatè, kontakte depatman sante ki nan zòn ou an oswa Biwo Kay ki San Danje ak Prevansyon Kont Anpwazonman Plon nan Timoun ki nan DPH la (1-800-532-9571) pou yo fè enspekte kay ou.

Fè teste pitit ou a pou plon.

Sèl fason pou w wè si pitit ou soufri anpwazonman plon se fè yon tès san. Nan Massachusetts, timoun dwe pase tès la lè yo gen ant 9 ak 12 mwa, 2 an, 3 an, e pafwa 4 an, selon kote yo rete a. Pale ak doktè w sou rezilta tès plon pitit ou a ak sou danje ki genyen pou l pran nan plon. Si pitit ou bezwen fè tès oubyen si w ap enkyete w pou sante l oswa pou si l pran nan plon, mande doktè w pou l fè yon tès plon. Yon tès san yo pran nan venn timoun nan pi egzak pase yon ti gout san yo pran sou dwèt li.

Ranplase tiyo ak akseswa plonbri ki gen plon ladan yo.

Si kay la pou ou, li t ap bon pou w ranplase tiyo ki nan kay la, tiyo ki antre dlo nan kay la, ak akseswa plonbri ki gen plon ladan yo. Sa a enpòtan sitou si gen timoun oubyen moun ki ka fè pitit ki gendwa bwè dlo a. Kontakte depatman dlo ki nan zòn ou an pou w mande enfòmasyon sou ranplasman tiyo leta ki antre dlo nan kay la ak èd finansye ki disponib.

Lè w ap ranplase tiyo oubyen akseswa plonbri lakay ou, verfiye etikèt la. Sèvi ak materyèl ki pa gen plon oswa ki gen mwens plon. Anvan w kòmanse nenpòt renovasyon lakay ou, gade ki jan pou w fè l san danje. Al gade: [Renove Kay Ou San Danje \(Bwochi\) 2015 – Anglè | Mass.gov](https://www.mass.gov/info-details/removing-lead-from-your-home).

Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sante, kontakte:

Depatman Sante Piblik Massachusetts
Biwo Klima ak Sante Anviwònman
Telefòn 617-624-5757 | Faks: 617-624-5777
www.mass.gov/dph/environmental_health

Depatman Sante Piblik Massachusetts
Biwo Kay ki San Danje ak Prevansyon Kont Anpwazònman Plon nan Timoun
1-800-532-9571 oswa www.mass.gov/dph/clppp

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dlo potab:

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts
Pwogram Dlo Potab
617-292-5770
program.director-dwp@mass.gov
www.mass.gov/lead-in-drinking-water

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts - lis laboratwa leta sètifye pou fè tès dlo potab: (www.mass.gov/eea/agencies/massdep/water/drinking/certified-laboratories.html#1 - klike sou Laboratwa MassDEP Sètifye pou Kliyan Rezidansyèl ak Pwopriyetè Pi Prive)

NSF Entènasyonal - yon òganizasyon benevòl ki sètifye dlo nan boutèy ak filtè dlo
www.nsf.org/

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sekirite anrapò ak plon:

Lis enspektè plon ki lisanse:
www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dph/programs/environmental-health/exposure-topics/lead/delead/

Fèy enfòmasyon sou Renovasyon Kay San Danje: www.mass.gov/doc/renovating-your-home-safely-brochure-2015-english-0/download

REMAK POU FOUNISÈ DLO LETA YO: Kesyon Moun Poze Souvan sa a pa ranpli kritè sou avèl oswa edikasyon ki nan Règleman sou Plon ak Kuiv 310 Kòd Règleman Massachusetts (CMR) 22.06B a. Sistèm Dlo Leta yo ta dwe kontakte MassDEP konsènan kritè presi ki nan Règleman sou Plon ak Kuiv pou sistèm dlo leta yo pou avize poplasyon an lè rezilta tès plon yo wo.